



# Somerville Public Schools

Education • Inspiration • Excellence

Lauren Mancini, RD, SNS  
Director of Food and Nutrition Services  
167 Holland Street • Somerville, MA 02144  
[lmancini@k12.somerville.ma.us](mailto:lmancini@k12.somerville.ma.us) • [www.somerville.k12.ma.us](http://www.somerville.k12.ma.us)  
T 617-629-5690 • F 617-666-5451

30 Out, 2023

Chè Kominote Lekòl Piblik Somerville yo,

Depatman Sèvis Manje ak Nitrisyon (FNSD) an ta renmen mete aksan sou kèk pwen kle pou Ane Eskolè 2023-2024 la.

**Dejene ak manje midi lekòl la gratis pou tout tan.** Nou kontan anonse Gouvènè Healey te siyen bidjè leta ki enkli ladann repa lekòl pèmanan pou tout elèv lekòl leta Massachusetts yo. Nou kontan anpil pou nou fè pati chanjman monimantal sa a epi n ap tann pou n kontinye sèvi manje nourisan nan kominote etidyan Somerville yo.

**Yo toujou ankouraje fanmi yo pou ranpli aplikasyon pou manje gratis ak redui.** Nou ap kontinye ankouraje fanmi yo pou yo ranpli aplikasyon pou manje gratis ak redui. Aplikasyon sa a lye avèk anpil lòt avantaj finansye, tankou aksè nan avantaj P-EBT/Ete EBT, rabè sou sèvis entènèt/kab, tès SAT gratis, ak egzansyon sou frè aplikasyon pou kolèj. Tanpri vizite sit entènèt nou an pou yon aplikasyon: <https://somerville.k12.ma.us/fnsd>. Isit la ou ka jwenn tou enfòmasyon sou meni, alèrjèn, avèk lòt sijè.

Si pitit ou a ale nan youn nan lekòl Community Eligible Provisions (CEP) nou yo, ou pa oblije ranpli yon aplikasyon pou elijiblite pou manje sof si ou vle resevwa benefis adisyonèl ki endike anwo yo. Lekòl CEP Somerville gen ladan Somerville High School, Full Circle/Next Wave, Winter Hill Community School, Healey School, ak East Somerville Community School. Si w enterese, tanpri konsidere aplike pou SNAP, pwogram nitrisyon federal ki bay rezidan ki elijib yo èd finansye chak mwa pou achte pwovizyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon SNAP sou [gettingsnap.org](http://gettingsnap.org) oswa lè w rele Liy Dirèk FoodSource Project Bread la nan 1-800-645-8333.

**Chak elèv gen dwa pran yon dejene ak yon manje midi pa jou. Yo ka jwenn Meni yo isit la [here](#).** Chak lekòl sèvi dejene nan kafeterya a, apati 7:30 a.m. Pou dejene, nou ofri yon melanj de grenn, pwoteyin, fwi, ak lèt ki pa gen anpil grès. Nou ankouraje elèv ou a pou yo pwofite de sèvis sa a, paske yon repa maten an sante pèmèt timoun tout laj yo rive jwenn tout potansyèl akademik yo.

Y ap kontinye sèvi manje midi gratis chak jou lekòl tout demi jou yo enkli nan nivo PK-12. Tout repa gen



ladan gren, opsyon pwoteyin, fwi, opsyon diferan legim, ak lèt ki gen anpil grès. Nou prepare meni nou yo ak anpil atansyon pou reprezante engredyan ki gen anpil eleman nitritif, atik popilè ki eksite elèv yo, ak repa kiltirèl inik pou konekte avèk kominote nou an.

**Nou fyè pou n anonse nou resevwa yon kantite sibvansyon leta ak federal pou ane lekòl sa a.** Finansman pèmèt nou achte plis manje ki grandi epi ki soti nan sous lokal, anboche yon chef ki pral bay fòmasyon pou anplwaye nou yo epi ki ofri sipò nan devlopman resèt ak degustasyon nan kafeterya, ak fè aktivite ki lye jaden lekòl yo avèk agrikilti iben. Tanpri li bilten otòn nou an pou plis enfòmasyon detaye sou sibvansyon sa yo.

**Nou envite ou pataje kòmantè w.** Ranpli [Somerville Food and Nutrition Services Department 2023 Survey](https://www.somerville.k12.ma.us/fnsd) {Sondaj 2023 Depatman Manje ak Nitrisyon Somerville} la pou ede nou devlope meni, kourikoulòm edikasyon, ak plan kominikasyon pou twa a senk ane kap vini yo. FNSD pibliye yon bilten chak mwa avèk enfòmasyon enpòtan ansanm ak konsèy pou manje an sante. Chèche bilten an sou sitwèb nou an: [somerville.k12.ma.us/fnsd](https://www.somerville.k12.ma.us/fnsd).

FNSD angaje l pou l bay elèv ak paran yo bon enspirasyon ak edikasyon pou jèn Somerville yo ka byen manje pou tout jounen an ni nan lekòl ni lakay yo.

Pòte w byen,  
Lauren Mancini, RD, SNS  
*Direktè Sèvis Manje ak Nitrisyon*

Dapre lwa dwa sivil federal yo ak règleman sou dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), USDA, ajans li yo, biwo, avèk anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe nan oswa administre pwogram USDA yo entèdi pou yo fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa pinisyon ak vanjans nan aktivite dwa sivil anvan yo nan nenpòt pwogram osinon aktivite ki fèt oswa ki finanse pa USDA.

Moun ki gen andikap yo ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen andikap lapawòl ka kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relay nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa angle.

Pou depoze yon plent pou yon pwogram pou diskriminasyon, ranpli Fòmilè Plent pou Diskriminasyon Pwogram USDA, (AD-3027) yo jwenn sou Entènèt nan: [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), avèk nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese USDA epi ekri nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm lan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa yon lèt bay USDA pa:

(1) Mail: U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;  
(2) Fax: (202) 690-7442; or  
(3) Email: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite ki egal.